Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

# ВЕСТНИК Чапар

КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 39 (9833) 7 октябрь 2019 с. / Итни 8 Сафар 1441 с./ багьа 8 гьур. redakciya-chapar@mail.ru




Поздравляем!

## Уважаемые труженики сельского хозяйства!

Поздравляем с Днем работника сельского хозяйства и перерабатывающей промышленности. Пусть славится ваш труд, благодаря которому агропромышленный комплекс нашей страны растет и крепнет. Желаем вам здоровья, счастья и успехов в решении ответственных задач. Пусть ваша работа будет всегда поощрена и оценена по достоинству.

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ.*
*Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ.*

## Уважаемые жители района!

14 октября 2019 года прекратится аналоговое вещание федеральных телеканалов. Сегодня жители многих субъектов России могут бесплатно смотреть цифровое эфирное телевидение. Во всех населенных пунктах этих субъектов доступны в отличном качестве 10 программ пакета цифровых телеканалов РТРС-1 (первый мультиплекс): **«Первый канал»**, **«Россия 1»**, **«Матч ТВ»**, **НТВ**, **«Петербург-5 канал»** **«Россия К»**, **«Россия 24»**, **«Карусель»**, **«Общественное телевидение России»**, **«ТВ Центр»**, а также три радио канала: **«Вести ФМ»**, **«Маяк»** и **«Радио России»**. Вещание осуществляется с включением в каналы **«Россия 1»**, **«Россия 24»** и **«Радио России»** в составе первого мультиплекса региональных программ Это позволяет жителям субъектов быть в курсе местных новостей.

Для приема бесплатного цифрового эфирного телевидения достаточно приобрести антенну дециметрового диапазона (коллективную или индивидуальную, наружную или комнатную – в зависимости от условий проживания). Большинство современных телевизоров поддерживают стандарт вещания DVB-T2, в котором транслируются бесплатные мультиплексы. Если телевизор старого образца, потребуется дополнительно установить специальную цифровую приставку. Приобретение пользовательского оборудования для приема цифрового эфирного сигнала – разовая процедура.

Стоимость дециметровой антенны начинается от 300 рублей, цифровой приставки – от 700 рублей. Антенну, приставку и соединительный антенный кабель можно приобрести в магазинах, торгующих электроникой.

*Администрация*

*1 октябрь - Халкъазда гьоркьосеб ригь аразул Къо*

# Байрамалда хурхун




2 октябралда районалъул библиотекаялъул цIалдолезул залалда тIобитIана ригь аразул Къо кIодо гьабиялда хурхун данделъи. Гьенире гIахьаллъана ЖамгIияб палатаялъул председатель XI.А. Адимирзаев, районалъул харабазул Советалъул председатель М.ГI. Чупалаев, рагъул ва захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Х.И. МухIамадхIабибов,бакIалда бугеб «Цогояб Россия» партиялъул отделениялъул исполкомалъе нухмалъулев С.XI. Алтумирзаев, районалда ругел библиотекабазул хIалтIухъаби,Дилим росдал лицеялъул цIалдохъаби.

Гьеб данделъиялде гIахьаллъаразда байрам баркун кIалъазе рахъана - XI.А.Адимирзаев, М.ГI. Чупалаев,С.XI. Алтумирзаев, Х.И. МухIамадхIабибов, районалъул библиотекаялъул директорасул заместитель М-xI. М-р. МухIамадхIабибов, гьезулго хIалтIухъан Равзанат МухIамадхайрулаева, Калининаул росдал библиотекаялъул заведующая ПатIимат МухIамадова.

Жинцаго рахъарал кучIдул ахIун цеве вахъана гIолохъанав кочIохъан МахIмуд ДавудхIажиев.

Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат (М-к) К-п. ГIумахановас тIолалго захIматалъул ветеранал гьенир кIодо гьаруна къиматал сайгъатаздалъун.

Гьеб тадбир тIобитIиялъе ишалъулаб кумек гьабуна Дилим росдал администрациялъул бетIер Ибрагьим МухIамадовас.

*Ибрагьим ИДРИСОВ.*

*Инсан ва г1умру*

# Ригь аразул х1урматалда



Нилъер улкаялда кидаго к1одо гьабулеб Ригь аразул Къоялъул х1урматалда Буртунай росдал г1аммаб лъайкьеялъул гьорьохъеб школалъул муг1алимзабаз ва ц1алдохъабаз х1укму гьабуна г1емерал соназ школалда муг1алимзабилъун жал х1алт1арал, гьанже х1алхьиялда ругел Зах1маталъул ветераназухъе сайгъат-саламгун гьоболлъухъ щвезе.

Гьедин, гьаб соналъул т1оцебесеб октябралда, г1емерал соназ жидеца лъималазде г1елму малъарал, гьезие рух1ияб тарбия кьурал муг1алимзаби: Магьди Магьдиевасухъе, Загьидат Медиевалъухъе, Исх1акъ Абубакаровасухъе ва Мурадис Ахкубеговасухъе гьоболлъухъ ана жакъа школалда х1алт1ула ругел Марьям Булачова, Меседо Къасумова, Лаура Расулова, Маржанат Чупалаева ва ч1ах1иял классазул цо-цо ц1алдохъаби.

*М. Г1. ЧУПАЛАЕВ.*

*Ишахиса лъим*

**Хурхурталаялде щвана**

Ц1ализе бегьула - 2 гьум.

*Инсан ва г1умру*

**Г1алхулаб дивизия**

Ц1ализе бегьула - 5 гьум.

*Рек1ел ах1и*

**Тьикъе - бицина**

Ц1ализе бегьула - 6 гьум.

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# 5 октябрь – ТIолго Россиялъул учителасул къо!

## Рахьдал мацI – гьелъул бечелъи

*… РекIей хIалхьи гьечIеб,*
*РахIат лъалареб,*
*Кодоб ярагъ гьечIеб*
*Кьалда йиго мун.*



Школалда цIалдохъабазе лъайкьей кидаго букIуна бищунго цебе чIараб масъалалъун. Гьелъие гIоло мугIалимас хIаракат бахъула жиндирго лъай, гьелде бугеб рокьи цIалдохъабазул рекIелъе лъугьинабизе. ЦIалдохъанасе гьев ккола цохIо мугIалим гуревги, насихIатчилъунги. Гьаб заманалда рахьдал мацIалъул мугIалимасда тIад буго бищун бакIаб гьир.

Щай абуни, гьанжесеб гIелалъул гIагараб мацIалде рокьи дагьаб буго. Гьел дагь-дагькку гьелдаса рикIкIалъулелги руго. Рахьдал мацI цIалдохъанасе бокьулеблъун гьабизе ккани, гьоркьоса къотIи гьечIеб хIалтIи гьабизе ккола нилъерго умумузул мацIалъул бечелъиги берцинлъиги гьезда бичIчIинабизе.

Рахьдал мацI цIунизе ккеялъул ва гьелъул даража борхизабиялъул,цохIо мугIалимзабазда гуребги, эбелинсудаги тIадаб букIиналъул суалал рорхулел руго кисакирего.

Гьеб хIисабалдеги босун росабазул школаздаги мугIалимзабаз кIвараб хIаракат бахъулеб буго цIалдохъабазда рахьдал мацI гьезул гIумруялъе чара гьечIого хIажатаб букIин бичIчIинабизе.

Буртунай росдал гьоркьохъеб школалъул рахьдал мацIалъул мугIалим Загьра ГIалиевалъул гIумруялъул захIмат борцунеб роценлъун ккола гIагараб рахьдал мацI.

ГьитIинго умумузул гIадатги, гIаданлъиги, гIакъиллъиги, тарихалъул бечелъиги бичIчIарай гIолилалъ тIаса бищараб махщел буго цIакъго къимат тIадегIанаб. Гьеб Загьрае хутIана намусалъул борхалъилъун лъаялъул гъварилъилъун.ЦIализе лъай босизе шагьаралде ине бокьун бугин 7 абидал, эмен Расулица гьелъие квал-квал гьабичIо. Гьес абуна: **«Дуцаго бицараб нух буго дир яс.Г ьеб буго битIараб нух, лъалхъичIого цеехун а..»**,-ян.

Гьедин 1989 соналъ лъикIал къиматазда росдал школаги лъугIизабун Загьра цIализе лъугьана ДГПУялда рагьарал хIадурлъиялъул курсазде. Гьебги лъугIизабун, лъилниги кумек гьечIого, жиндирго лъаялдалъун лъугьана цIализе.

1995 соналъ тIокIлъигун университетги лъугIизабун тIад юссана гIагараб росдал школалде.

ТIоцебесеб дарс,тIоцебесеб хIалбихьи.Гьеб букIана Загьра Расуловналъул цIалдохъабазе лъай кьезе байбихьараб,гIумруялъул талихIлъун, рекIел мурадлъун лъугьараб тIоцебесеб хIалтIул къо.

РекIелъ кIудияб рохелгун ва хIурматалда цIаралги рехсолаго бицуна Загьраца жиндие рахьдал мацIалъул дарсал кьурав,адабияталдегун маданияталде рокьи бижизабурав мугIалим, мунагьал чураяв СагIидбег Мух1амадович ЧIанкIаевасул цIар.

Гьединго хIалтIулъ жиндие малъа- хъваял гьарурав районалъул лъайкьеялъул отделалда, хIалтIула вугев Дарбищев Салимхан ХIабибович.

Жеги гIумруялъул хIалбихьи щвечIей,гIолохъанай ясалъе бигьаго букIинчIо, авар мацIалъул гъварилъиялде яккун,гIолеб гIелалъе кинабго балъголъаби рагьизе. Гьей хIалтIизе ячIараб мехалъ школалда вукIинчIо цониги авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим.

Гьелда дандчIвана гIемерал захIмалъаби.Гьединал лахIзатаз Загьраде ракIалде щолаан цIализе унеб мехалъ эмен Расулица абурал дол рагIаби. Гьез къуват кьурай гIолилай къуркьичIо ва щибаб хIалтIул къо гьелъие лъугьана захIмат борцунеб роценлъун, жеги цIияб жо лъазе гъира базабулеб хIалбихьилъун.

Гьей кидаго йикIуна цIехрехазда, некIсиял умумузул гIадатал, рукIа- рахъинал лъазаризе хIаракат бахъула. Гьезул хIакъалъулъ бицуна цIалдохъабазе, тIоритIула дандчIваял. ЦIалдохъабиги гIахьал гьарун рихьизарула умумузул букIараб гIумруялъул, гьезул багьадураб захIматалъул бицунел цо-цо сценкаби.

Гьенир рукIуна абиялги цересел биценалги. Гьединал бичIчIикьеялъул дарсаз цIалдохъабазе гьабула кIудияб асар. Гьеб кIочене течIого цIи гьабизе гьезулги гъира букIуна.

Гьеб кинабго ккола Загьра Расуловналъул кIвахI гьечIого гьабулеб хIалтIул хIасил. Загьраца абуна: **«МагIарул мацIалъул хIикмалъи рагьизе бажаруларо. ГIемераб жо буго дие балъголъилъун. Дун кидаго цIех-рехазда йикIуна»**,-ян.

Загьра Расуловналъе бищунго кIудияб рохеллъун буго цIалдохъабаца жиндир махщел тIаса бищи. Гьел умумузул цIарги мацIги цIунулеллъун лъугьин. Гьелъие бокьула махщел цIубаялъе гьарулел батIи-батIиял къецазда гIахьаллъизе. Районалда тIоритIарал **«Бищунго лъикIав мугIалим»** абурал къецазда гьей гIахьаллъана анлъго нухалъ ва анлъабго нухалъ ячIана тIоцересел букIазде.

2018 соналъ Дагъистаналъул авар мацIалъул мугIалимзабазда гьоркьобги гьелъие щвана тIоцебесеб бакI.Дагъистаналъул цогидал миллатазда гьоркьоб босана кIиабилеб бакI.

2013 соналъ мустахIикълъана **«Дагъистаналъул мустахIикъай мугIалим»**,2018 соналъ ДР **«Лъайкьеялъул отличник»** абурал цIаразе.

2019 соналъ гьелъие щвана президентас лъикIал мугIалимзабазе бихьизабураб грант. Руго жеги гIемерал шапакъатал,баркалаялъул кагътал.

Загьрат Расуловна гьездаса чIухIуларо гьезул х1акъалъулъ цIаруе бицунаро. Гьей чIухIарай йиго, жиндир рукIарал цIалдохъаби батIи-батIиял росабалъ мугIалимзабилъун хIалтIулел рукIиналдаса ва жинца кьураб лъай гьезие пайдаяблъун батиялдаса.

МагIарул мацIги миллатги киданиги хвезе гьечIо Загьра гIадинал мугIалимзаби ракьалда ругебгIан мехалъ.

**ХI. КАРИМОВА**

---

# Реццалъе мустах1икъай



Жакъасеб заманалъул тIалабазда рекъон хIалтIи нухда бачине бигьаяб жо букIунаро. Гьелъие хIажалъула тIаса бищараб махщелалде рокьиги жавабчилъиги. РукIуна гIемерисел жидерго хIалтIудехун тIасамасахъаб бербалагьи гьабулелги, ургъел тIаде босуларелги. Хасго цо коллективалда хIалтIулел ругони бихьула гьениб бугеб ахIвал-хIал,цо-цо гъалатIал. Дида ракIчIун абизе кIола нижер Хубар росдал **«Милъиршо»** лъималазул ахалъул хIалтIухъаби, цIаралъеги реццалъеги мустахIикъал ругин.

Жакъа дие бицен гьабизе бокьун буго хIалтIицадахъай ГIабдуразакъова Муслимат Манаповналъул хIакъалъулъ.

Муслимат гьаюна ва гIуна захIмат бокьулеб хъулухъчиясул хъизаналда. 1996 соналъ росдал гьоркьохъеб школа лъугIарабго гьей цIализе лъугьана Буйнахъск шагьаралъул педколледжалде. Щвана байбихьул классазул мугIалимасул махщел. ГьитIичазе тарбиягун лъай кьезе бугеб махщел жеги камил гьаби мурадалда хIалтIизе лъугьана лъималазул ахалде. ГьитIичазулгун гьабулеб хIалтIи букIуна захIматаб. Х1ажалъула гьездехун хIеренаб каламги рокьиги. Муслиматида хехго батана лъималазул рекIелъе нух.Гьезул умумулги рази рук1уна Муслиматидаса.

АнцIила лъабго соналъ хIалтIана музыкалияй руководительлъун. Гьаб сагIат гьей ккола делопроизводитель ва инструктор физического воспитания. Муслиматица гIахьаллъи гьабула районалда тIоритIулел конкурсаздагун олимпиадабазда. Гьей кIиго нухалъ мустахIикълъана тIадегIанал шапакъатазе.

Гьелъги Алавдиницаги тарбия кьун гIезаруна кIиго васги цо ясги. КIудияв вас АхIмад цIалулев вуго Дагъистаналъул исламияб институталда. Хадусев вас Адам цIалулев вуго Нечаевкаялъул мадрасалда, Зайнаб росдал школалда.

Исламияб тарбия щвараб гьезул хъизан нижер росдае буго мисалияблъун.

Гьединаб талихIаб къисматалъул бетIергьаби руго Муслиматги Алавдинги.

**Аминат ГIАЛИСУЛТАНОВА, Хубар росу.**

---

*Ишахиса лъим*

# Хурхурталаялде щвана

Гьаб соналъул 2абилеб октябралде ругел баяназда рекъон, Ишахиса лъим бачунезул бригада «Хурхурталаялде» щвана.

Гьеб ккола лъарал бет1ералдаса цо километралдасаги ц1ик1 к1араб манзил.

Лъабабилеб октябралда трубабазде т1аде ва гъоркье х1еренаб ракь базе гьенире ана Алмахъ, Буртунай, Гуни, Гъозтала, Дилим, Ичк1а ва Ц1ияб Г1аркьухъ росабазул г1адамал, г1ага-шагарго 60-70 чи. Араб анкьалда гьенире рач1арал гьалбаллъун рук1ана Дилималдаса Темирбулатов М-расулил бет1ерлъиялда жамг1иял церехъаби, гьаб анкьалъин абуни гьенире гьоболлъухъ щвана Дилималдаса Мух1амадг1алиев Жамалдин ва Алмахъалдаса Зияродинов Зияродин.

Абизе бегьула щибаб росдаца жигараб г1ахьаллъи гьабулеб бугин лъим бачиналъул суал г1умруялде бахъинабизе.

**График**

Ишахиса лъим бачунелъуре октябрь моц1алда х1алт1изе рахъиналъе гьабураб график(10-15чи)

**Буртунай**
3-4; 17-18; жавабиял: Салманов А., Расулов Ш.,

**Ичк1а**
5-6; 19-20; -Шипиханов А., Садыкъов С.

**Гъозтала**
7-8; 21-22;-Абакаров А.

**Гуни**
9-10; 23-24-Ильясов И., Г1абдулаев К.

**Алмахъ**
11-12; 25-26;- Салгереев М., Сахрудинов С.

**Ц1.Г1аркьухъ**
13-14; 27-28; -Г1алисултанов М-Р.

**Дилим**
15-16; 29-30;-Мух1амадов И., Иманшапиев А.

*Оргкомитет*

*Инсан ва г1умру*

# ГIалхулаб дивизия



*Квег1иса кваранидe:*
*Устарханов Забит, Г1умаров Г1усман, Делеев Х1амзатхан*

1914 сональул 23 августалда Россиялъул императорасул (Николай II) Указалда рекъон,- гIуцIула Шималияб Кавказалда (Севернияб) яшав гьабун ругел гIадамаздасан рекIаразул дивизия. Гьелъие гIиллалъун букIуна ТIоцебесеб дунялалъул рагъ байбихьун букIин. Гьелда абулеб букIуна **«Туземная конная дивизия»**,-ян, хадусан- **«ГIалхулаб дивизия»**,-ян.

Гьеб дивизиялда хъулухъ гьабулел рагъухъаби рукIуна, жидеего бокьун, рагъде арал чагIи, щай абуни, дол соназ Россиялъул армиялде Кавказалъулал рачунарел рукIун ва рагъулаб хъулухъалъухъ гIарац кьолеб букIун. Нилъеца бицен гьабулеб дивизиялъул гIуцIи: нухмалъи гьабулел,3 бригада, 1 бригадаялда- 2 полк, ва 1 полкалда -4 эскадрон). ТIоцебесеб бригада: кабардиналгун балкарал ва дагъистаниял.

КIиабилеб бригада: татаралгун чачанал.

Лъабабилеб бригада: черкесал,абхазал,абазинал, карачаевал ва ингушал.

Тасдикъ гьабураб штаталда рекъон, щибаб полкалъе вихьизавун вукIуна-22 офицер, 3- чиновник, цо имам, 575 мухъилав рагъухъан,68 гIодерегIанал хъулухъал.Гьединго, гьеб дивизиялде гъорлъе унел рукIуна Осетиялъул ва Доналъул хъазахъазул гIарадабазул дивизион, лъелал рагъухъабазул бригада.

ТIоцебесеб дунялалъул рагъ байбихьилелде цебеги, гIурусазул армиялда хъулухъ гьабулеб букIана Кавказалъул гIадамаз.

Гьел гIадамаздасан гIуцIарал дивизиябазул командирлъунги вукIуна пачаясул гьитIинав вац, генерал- майор, князь Михаил Александрович,штабалъул начальниклъун-Литваялдаса татарав, бусурманаб диналъул чи Яков Давидович Юзефович.

1917 сональул 21 августалда Верховный главнокомандующий Л.Г. Корниловас Кавказалъул туземцазул рекIаразул дивизиялда цIар хисула ва гьелда абула **«Кавказский туземный конный корпус»**,- ан.

Гьебго сональул октябралда гьеб корпусалъул цо-цо частал рехула Кавказалде, гьезул штабги букIуна Владикавказалда (Орджоникидзе).

1917 сональул 30 сентябралдаса байбихьун, тIоцебесеб кавказалъул туземцазул рекIаразул дивизиялъул командирлъун вукIуна азербайджанав, генерал-майор Фейзулла Мирза Каджар (1872-1929 сс.).

Лъабго соналда жаниб Кавказалъул рекIаразул дивизиялда хъулухъ гьабулезул къадар бахуна 7000 рагъухъанасде. Цо соналда жаниб (1916 с.) гьеб дивизиялъ тушманасде гьабула 126-ялдасаги цIикIкIараб гьужум. Гьениб щивасе изну букIуна жиндирго дин гьабизе. Гьезда гьоркьоб щулаго цIунун букIуна цоцазул хIурмат гьаби, рекъон кколеб квен хIадури.

Дол соназ бахIарчилъи бихьизабурал мухъилал рагъухъаби ва унтер-офицерал кIодо гьарулаан **«Георгиясул»** хъанчалдалъун. БатIияб диналъул рагъухъабазе гьеб орден гьабулаан дагьалъ батIияб,гьелъул кIиябго рахъалда ва бакьулъ лъун букIуна Россиялъул герб-кIибетIераб цIум,нилъераз гьелда гIанкIуйилан абулеб букIун буго.

ТIадехун рехсараб рагъулъ гIахьаллъула-Буртунаялдаса-Забит Устарханов (гьесул хIакъалъулъ **«Чапар»** газеталда цебеги хъван букIана), ГIусман ГIумаров ва ХIамзатхан Делеев. Бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ Забит Устархановасе лъабго ва ХIамзатхан Делеевасе цо **«Георгиясул»** орденал кьола. Цо ккараб рагъулъ (Бакъбаккул Пруссия) ГIусман ГIумаров шагьидлъула. Гьесул жаназаги босун, Хасавюрталде вачIуна Забит Устарханов. Гьевги гIагарлъиялъухъе кьун, гьев фронталде тIадвуссуна.

Советияб власть чIезабулеб заманалда Забит лъугьуна БагIарал партизаназул мухъилъе. Деникинцалгун ккараб цо рагъулъ гьев асирлъуде ккола. Гьениса, туркасул офицерасухъа таманчаги бахъун, гьевги чIван, Забит лъутун ворчIула. Забит кколаан ХIамзаюрталдаса Бутайил вац. Бутай ккола дунялалдаго цIар рагIарав боксёр Ражаб Бутаевасул инсалги инсул эмен. Забитил лъимал рукIун гьечIо. Гьесул орденал гIагарлъиялъ цIунун руго. ГIусманилги ХIамзатханилги наслаби жиде-жидер магIишатазда руго.

ТIадехун рехсаразулги ва цогидазулги гIумрудул хIакъикъат лъазабиялъе квербакъана ХIамзаюрталдаса мугIалим, тарихчи, тарбиячи, жамгIияв хIаракатчи ва **«Чапар»** газеталъул штаталда гьечIев мухбир Насирдин Эльмирзаевас.

ХадурагIи: Унго-унгоял магIарулаллъунги бахIарзаллъунги рукIинчIелани, щвелаандай тIадехун рехсаразе пачаясул орденал? Тарихалде гъорлъе раккаразда бичIчIине буго нилъер умумул лъиениги мутIигIлъичIевлъи ва кьо ккаралъур бахIарчилъиялда рагъараблъи.

Гьеб нилъеда лъала кIудияб ВатIанияб рагъул ва хадусел соназул тарихалдасанги. Нилъеда ва хадусел наслабазда киданиги кIочене бегьуларо умумулъанго рачIарал - ях I- намус, рекIел къвакIи, сабру, иман-адаб, ба хIарчилъи ва къохIехьей. Гьеб кинабго кIочараб къоялъ тIагIуна нилъер мацI, миллат ва тарих.

ГIадада гуреб Харахьиса машгьурав шагIир МахIмуд Апандица хъвалеб бугеб:

***Тушман ккола нилъер***
***ракьалде вачIун,***
***Ракьги гIадамалги бидулъ***
***лъурав чи.***
***Ракълилаб гIумруги***
***гIищкъун къоялги,***
***Нилъей теларилан***
***туманкI ккурав чи.***
***Тушман вачахъула***
***вацаллъун рахъун,***
***Цолъарал гIадамаз,***
***ВатIан хирияз.***
***ВатIаналде бугеб***
***хIасратаб рокьи,***
***Кье ирсилазеги,***
***дир гьудулзаби!***
***Лъазабе ва цIуне гьудулзаби, нилъерго тарих!***

*М. ГI. ЧУПАЛАЕВ.*

# Гьадинал г1емер рук1унаро

Араб г1асруялъул г1елбащадавлъун кколев, Алмахъалдаса Мух1амад Саипов вук1ана г1адатияв векьарухъан. Гьев гьединавлъун хут1изеги бегьулаан, жигараб къаг1идаялда, г1умруялъулал ишазде гъорлъе лъугьуневлъун, г1уц1арухъанлъиялъе махщел бугевлъун вук1инч1евани. Рагъул ва рагъдаса хадусел соназ гьес нухмалъи гьабулеб г1аммаб маг1ишаталъул ц1ар т1обит1ана т1олабго республикаялда.

Архъабашалда деникинилазде данде рагъул г!ахъалчи, баг1арав партизан ва коммунист Мух1амад Саиповасул 40 сон бук1ана Алмахъ росулъ г!уц1арал 4 колхозалъул цоялъе нухмалъи гьабизе божилъи гьесда гьабураб заманалда. Гьеб г1уц1ун бук1ана Нахъаотар абулеб бак1алда. Къокъаб заманалда жаниб гьеб лъугьана районалда бишунго цебет1ураб маг1ишатлъун. Киналниги х1алт1аби жиндир заманалда ва раг1а-ракьанде щун т1уразариялъ, хурул бач1ин гьениб кидаго ц1ик1к1араб бук1унаан. Щибаб зах1маткъоялда хадуб колхозчиясе 7-8 килограмм т1оцалил щолаан. Маг1ишаталъе санайилго партиялъул райкомалъул, райисполкомалъул хьвадулеб баг1араб байрахъ санайил щолаан. Гьанжесеб Ленинаулалде Нахъаотаралъул г1адамал росу гочинарураб заманалда, гьениб г1уц1ана 2 колхоз. (Ленинил ва Сталинил ц1арал тарал).

Ленинил ц1ар кьураб колхозалъе щвана лъик1ал ракьал. Мух1амад Саиповас нухмалъи гьабулеб Сталинил ц!ар кьураб колхозалъе дагьал хашал. Амма гьелъухъ балагьич1ого гьениса санайил бак1арулаан ц!ик1к1араб къадар т!ощалил. 50-абилел соназ к1иябго колхоз цолъизабуна.

Г1олохъанго райкомземалъул х1исаб-суалалъул х1алт1уде ккарав дидаса гьев г1езег1анго ц!ик1к!араб ригьалъул гьев вук!аниги, нижер ишалъулал дандч1ваял, заманго иналде, щулияб гьудуллъиялде сверана. Чиясда берцин вихьизелъун, т1адег1анал хъулухъазда х1алт1улезулгун чаг1азул гьоркьолъаби ралагьулев чиги гьев вук1инч!о, амма гьевгун дандч1варал гьесул гьудул гьалмагъзабилъун лъугьунаан.

Гьев специалистазул раг1ухъ к1вар кьун г1енеккулаан ва гьеб гьес г!адахъ бо- сулаан. Гьебго т1алаб гьабулаан Мух1амадица бригадирзабаздасаги. Председателасул кваранаб кверлъун вук1ана т!адег1анаб лъай бугев агроном Мух1амад Калаев. Колхозалда хасаб к1вар кьолаан, наккури гьабун, хурзал х1адуриялде, рекьулел культураби хисиялде, т1адег1анаб бач1ин кьолел хьонал г!езариялде. Г1ачиязул фермабаздасаги росдал г!адамазул бокьазухъаги т1олабго рак колхозалъул хурзабахъе баччулаан.

Мух1амадил х1акъалъулъ бицен ккараб заманалда гьевгун х!алт1арав цо росуцояс абуна: **«Вакъарав чи теларилан лъугьарав нухмалъулев вук!ана гьев»**-ан.

Гьес щваралда г1ей гьабич!ого, колхоз цебет1еялъе бат1и-бат1иял ресал ралагьулаан. Гьедин хисизабуна г1ачиязул тайпа. Районалдаго дол соназ г1ачияздаса лъаг1алица беч1улеб рахьдал къадар, гьоркьохъеб х!исабалда, 800-1000 килограммалде рахь беч1ч1улаан. Тайпа хисиялъ т1оцебе районалда 1500- 2000 килограмм рахь г1акдадаса беч!ч1изе рес кьуна. Гьединго бак1алъулаб тайпаялъул г1и хисана Дагъис- таналъул муг1рузулаб тайпаялдалъун. Гьелъ кьолаан 3-4 килограмм квасул.

Саипов Мух1амадил цоги мухщеллъун рик!к1ине бегьула бажари бугел г1адамал загьир гьари, гьел ц1ализари, х!алт1уде т1ами ва г!езари. Гьев председательлъун х!алт1улел соназ колхозалда г1уна, хадур республикаялдаго машгьурлъарал, зах!маталъул г!уц1архъаби. Гьел ккола, г1емерал соназ гьевгун цадахъ х!алт1арал, бригадирал: Х1ажи Аскербиев, Мух1амадгъази Г1умаров, Лах!ит Мух1амадов, Исуб Мух1амадов, Ярагъи Шайихулисламов, Жабраг!ил Х1амзалаев, г1иялгун г1ачиязул фермабазе нухмалъулел Мух1амадкарим Лабазанов. Гьел мустах1икълъана пачалихъалъулал бат!и-бат1иял шапакъатазе. Тавсултанов Гъубаханица г!емерал соназ нухмалъи гьабуна колхозалъе.

Мух1амадица к1удияб к1вар кьолаан хурухъанлъиялда звенабазулаб къаг1ида х!алт1изабиялъе. Бищун церет!урал звеноводаз гектаралдаса 10-15 тонна ц1оросаролъалъул бак1арулаан. Т1адег1анаб бач1иналъул устарзаби рахъана- звеновод Чалаби Мух1амадсултанов, гектарч1ужу Сукайнат Зайтуева. Дол соназ машгьурлъана доярkаби: Батули Салманова ва Умайх1ат Тавсултанова. Батули йищана ДАССРалъул Верховный Советалъул депутатлъун ва мустах!икълъана Октябралъулаб революциялъул орденалъе.

Живго к1удияб ц1ала-къалиялъул чи гьеч1ониги, улкаялдаги дунялалдаги кколел ишал лъазе, политикаялда хадув гъезе х1аракат бахъулаан Мух1амадица. Х1алт!удаса т1адвуссиндал лъади Айсаратица гьесие газетал ц1алулаан. Унтун бусаде рос ккараб заманалдаги гьеб г1адат гьоркьоб къот!изе теч1о Айсаратица. Росасе хъулухъ гьабиялъул рахъалъ жиндие памятник базе мустах1икъ1 г1адан йик!ана гьей. **«Росасул ц1ар г1одобг1ан ва борхат гьабула лъадиялъ»**-ан аби буго. Рак1ч1ун абизе бегьула Саипов Мух1амад борхалъуде вахинавунин Айсаратицаян. Гьелъ рос к1одо гьавуна, гьелдалъун жийгоги к!одолъана.

Мух1амадие рокьулароан х1алт!ул заманалда т1орит1улел данделъаби. Гьедин бук1аниги, ц1акъ гьев камич1ого г1ахьаллъулаан райкомалъул пленумазда, конференцияздa, райсоветазул сессиязда.Г1ахьаллъаниги рази гьеч1олъи загьир гьабулаан. **«Гьал данделъаби лъуг1изегойищ лъуг1унарел?»**-ан абулаан. Гьесул напсалъ, чорхол т1абиг1аталъ т1алаб гьабулаан г1алахалда ва хурзабахъ х1алт1ухъабигун вук1ин. Баг1арав партизан, коммунист, ДАССРалъул Верховный Советалъул депутат Мух1амад Саипов вук1ана Казбек районалъул г1умрудулъ гъваридал лъалк1ал тарал г1уц1арухъабазул цоявлъун. Аллагьас бит1араб нухда т1овит1аравлъун ватаги гьев.

**Дилим росулъа**
**Расул Идрисовас ул рак1алдещвеяздасан босараб.**

*Юристасул жаваб*

# Гъикъе - бицина

Гъоркъехун рехсарал суалазе жаваб кьуна адвокат Шехмух1амад Гъазимух1амадовас:

**Зах1маталъул ветеран» абураб ц1ар лъие кьолеб ва гьеб кьурал чаг1азе кинал бигьалъаби рихьизарун ругел?**

- Зах1маталъул ветеран» абураб цlар кьола СССРалъул яги Россиялъул орденал, медалал, х1урматалъул грамотаби ва баркалаби щварал яги 5 соналдаса ц1ик1к1ун заманалда цого бак1алда х1алт1ун шапакъат щварал ва гьебго заманалда 25 сонил стаж бугел бихьиназе ва 20 со- ил стаж бугел руччабазе.

Гьединал чаг1аз **«Зах1маталъул ветеран»** аураб статус кьеян абун г1арза кьезе ккола жалго г1умру гьабун ругеб районалъул социалияб рахъалъ ц1униялъул управлениялде. Г1арзаялда цадахъ кьезе ккола хадусел документал: *паспорт, г1умру гьабун вугев бак1алдаса справка, шапакъатазул документал, стажалъул х1акъалъулъ справка, суратал, пенсия ч1езабун бук1иналъул х1акъалъулъ справка.*

Къвариг1унел документазул х1акъалъул мух1канлъи лъазабизе бегьула бищун аск1об бугеб социалияб рахъалъ ц1униялъул отделалда. Гьеб ц1арги кьола ДРялъул х1урматалъул ва социалияб рахъалъ ц1униялъул министерствоялъ.

Г1арзаги документалги жидехъе щведал, социалияб рахъалъ ц1униялъул отделалъ, анц1го къойида жаниб ц1ар кьейин абун, документал рит1изе ккола ДРялъул х1урматалъул ва социалияб рахъалъ ц1униялъул министерствоялде. Гьеб, 15 къоялъул болжалалда жаниб, кьеялъе яги инкар гьабиялъе х1укму къот1ула.

Инкар гьабуни, цо къойил болжалалда жаниб гьелъул х1акъалъулъ справка бит1ула документал кьураб, ай г1умру гьабун бугеб бак!алъул социалияб рахъалъ ц1униялъул идараялде. Ц1ар кьуни, гражданинасе кьола, бигьалъабазе ихтияр кьолеб ветеранасул удостоверение.

Ветеранасе рихьизарун руго гьадинал бигьалъаби: ***мина-рукъалъухъ ва коммуналиял хъулухъазухъ унел харжазул 50 проценталъул компенсация. Рокъоб централияб отопление гьеч1они, ц1атариялъухъ унел харжал рец1и. Рокъоб бугеб телефоналъухъ кьолеб г1арцул бащалъи бец1ула. Багьаял металлазул ва металлокерамикаялъул хут1ун, цабзазул протезал лъола ва цаби ч1обого къач!ала. Пенсиялде инег1ан сахгьавулев вук1араб медучреждениялда ветеран ч1ового сахгьавизе ккола. Ветеранасул удостоверениеги, медицинаялул бихьизабиги бугони, ветеранасе кьола санаториялде яги курорталде ине путевка. Х1алт1улев ветеранасе, дандекколеб заманалда, кьезе ккола щибаб сонилаб отпуск ва гьелда т1аде г1арац щолареб 30 къойилаб отпускги.***

***Ветеранасул ихтияр бук1уна шагьаралда, шагьараджа аск1об ва республикаялда жаниб жамг1ияб транспорталда ч1ового рек1ине, амма гьеб бигьалъи нилъер республикаялда г1арцулаб компенсация кьеялдалъун т1убазабула. Гьев эркен гьавула нусго чол къуваталъул мотор бугеб машинаялъул транспорталъулаб налогалдаса, гьединго миллион гъуршидаса ц1ик1к1инч1еб судалъул искалъул госпошлина кьеялдаса. Ветеранасул бет1ергьанлъиялда бугеб ва бизнесалъе х1алт1изабулареб*** цо мина-рукъалда налог лъоларо.

*“Х1АКЪИКЪАТ” газеталдаса босараб*

*Инсан ва г1умру*

# Малъула лъималазда

1957 соналъ дун Советияб армиялде ах1ана. Сержантазул школаги лъуг1изабун, шофёрлъун ц1алана. Лъабго сон армиялдаги бахъун, гьениса т1адвуссана. Х1алт1и балагьун Ставрополалде ана. Гьенив дида цадахъ Магьдих1ажил Абулиги вук1ана.

Гьединго,х1алт1и балагьун, гьенире рач1ун рук1ана- Сайродин, Висарби, Ниязбег Висаитовалги, амма гьел хехго нахъе ана. Гьениб цо херай г1урусалъ дие гьоболлъи гьабуна. Гьелъул вас х1алт1улев вугоан Совхозалъул бригадирлъун.

Заман бахъилелде, гьес ниж совхозалъул г1ияда тана, хералъ дида василан гурони абулароан. Гьедин бук1аналъ нижеца гьелъул васасул рахъ ккун, ниж цо чанго нухалъ даг1ба-раг1иялдецин ккана. (Бит1ун бицани, гьеб росулъ т1алъи нижехъ бук1ана.)

1965 соналъ ниж гьениса нахъе ана, ани щиб гьезулгунисеб гьоркьоблъи дица хвезе теч1о. Херай,гьелъул вас, ва гьесул лъади хварал заманалда дун зигараялъе Ставрополалде ана.

Доваса т1ад вуссун хадув,дун бат1и-бат1иял хъулухъазде ккана. Г1умруялъ лъиениги зарал гьабич1о,лъиданиги цебе х1ет1еги кквеч1о.

Лъицаго г1айиб ч1валареб къаг1идаялда хьвада-ч1вадеян малъула дица дирго лъималазда, г1ага-божаразда ва гьудул-гьалмагълъиялда.

**«Лъик1лъиялъе вижарав вугин инсан»**-ан абула г1алимзабаз. Х1ажатазе кумек гьабулаго, нухда т1амуна дица г1умрудул сонал.

*Салих1 САЛИХ1ОВ, Гъизилюрт шагьар*

Районалъе нухмалъулез , росабазул администрациябазул бут1руз, гьудул-гьалмагълъиялъ гъваридаб пашманлъи загьир гьабулеб буго Салгереев Минкаэлида ва т1олабго г1агарлъиялда **эбел** Сакинат Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

-------------------------------------------------------------

**«Чапар»** газеталъул х1алт1ухъабаз ва жамг1иял г1уц1абаз нухмалъулез зигара балеб буго Салгереев Минкаэлида ва т1олабго г1агарлъиялда **эбел** Сакинат г1умруялдаса ят1алъиялда бан.

-------------------------------------------------------------

Нилъер районалъул Хубар росулъа Париза Герееваль зигара балеб буго Салгереев Минкаэлида ва т1олабго г1агарлъиялда **эбел** Сакинат Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

# Цоги рагъул гIахьалчи

**ХIажиев ГIусман Мажиевич** гьавуна1905 аб. соналъ Гъоэтала росулъ ХIажилги Ажайилги хъизаналда. Гьезул рук1ана к1иго го васги к1иго ясги. Гьезул рук1ана Мух1амад,Х1абиб, ПатIимат, СаихIат. КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьилелдего ГIусман хIалтIулев вукIана Хасавюрт шагьаралда жанисел ишазул отделалда милиционерлъун.

Рагъде уна 1941 соналъ. Гьениса нахъ вуссуна 1945 соналъул ахиралда. Яшав гьабун вукIуна Хасавюрт шагьаралъул Восточная 17 «а» гьанжесеб Алиева 17 «а» къотIнов. ХIалтIула консерваби гьарулел заводалда заготовительлъун. Къадаралде щвана 1988 соналда. Вукъун вуго Хасавюрт шагьаралъул хабалалъ.

*Асият СУРХАЕВА, Гъоэтала росу.*

# Гьудуласде

Дица гьудуллъи тола вацлъи бугилан абун,
Вацг|адинав гьеч|они гьудуласул пайда щиб?
Жиндирго чвантинибе гьурущ кколеб бугони,
Капкихъ гьудул вичулев гьев чиги гьудул гуро.

Бищун зах|матаб къоялъ къвал бан ургъел чучулев,
Къварилъи т|аде щведал щулаго квер босулев,
Жиндийго бокьулареб чидае гьабуларев,
Гьединав вук|а гьудул бат|ияв довег|ан те.

Кьураб раг|и хвезег|ан хвезеги жив разияв,
Берцинаб г|амалалъул божарав вук|а гьудул.
Мац|ие регизег|ан к|ал-мац| ц|орозе толев,
Щ|ояб г|амал гъорлъ гьеч|ев къвак|арав вук|а гьудул.

*Магомедова Зарема, Инх1а росу.*

# Анкьил гьава – бакъ

**(30 сентябрь - 6 октябрь)**

| | |
|---|---|
| **1. Итни** | (+10, ц1ад) |
| **2. Талат** | (+20, бакъ) |
| **3. Арбаг1** | (+19, нак1к1) |
| **4. Хамиз** | (+10, бакъ) |
| **5. Рузман** | (+16, ц1ад) |
| **6. Шамат** | (+21, ц1ад) |
| **7. Гьат1ан** | (+13, ц1ад) |



---------------------



***3 октябралда***:

**Доллар** - 65.08 коп.

**Евро** – 71.36 коп.

Бетlерав редактор:
Мухтар ГIалиевич Чупалаев
тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь:
МухIамад-Шарип
ГIабдулашимов
тел: 55-48-95

Мухбирзаби:
ХIалимат Каримова,
Ибрагьим Идрисов,
Асият Дибирова

Фотомухбир:
Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо ХIайбаева

Верстка: Марьям АтавхIажиева,
Зайнаб ГIабдулмуслимова.

Типографиялъул адрес:
Хасавюрт шагьар, ООО
"Типография№4. ул. Мусаева 42

Газета х1адур гьабуна
редакциялъул компьютеральул цехалда.
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.
Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.

Учредитель: Администрация
МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул)
адрес: РД, Казбек район, Дилим росу,
368140,
Индекс: 51354
Заказ №312 Тираж 1100
Багьа - 8 гъур.

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД
19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул
жаваб авторас кьола